Pou Piblikasyon Imedya: 03/09/2019 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN LEJISLASYON KI EGZIJE PWOGRAM FOUTBÒL KONTAK POU TIMOUN YO POU BAY PARAN YO ENFÒMASYON SOU KOMOSYON SEREBRAL YO AK KOU KI KA BAY KOMOSYON SEREBRAL YO

Cuomo: "Rechèch medikal sou efè alontèm komosyon serebral yo ak kou ki ka bay komosyon serebral yo kontinye evolye epi li esansyèl ke nou bay paran jèn atlèt yo enfòmasyon aktyalize ki pi resan yo. Paran yo ta dwe genyen done yo konsènan byennèt timoun yo a epi aksè ak enfòmasyon sa yo pral ede nan priz desizyon epi ankouraje pi bon pratik sou teren an".

Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen jodi a lejislasyon (S.2958A/A.6968) ki egzije pwogram foutbòl kontak yo pou bay paran oswa reprezantan legal tout timoun ki ap patisipe yo pake enfòmasyon yo konsènan komosyon serebral yo ak kou ki ka bay komosyon serebral yo, ak blesi yo ke kou sa yo kapab lakòz.

"Rechèch medikal sou efè alontèm komosyon serebral yo ak kou ki ka bay komosyon serebral yo kontinye evolye epi li esansyèl ke nou bay paran jèn atlèt yo enfòmasyon aktyalize ki pi resan yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Paran yo ta dwe genyen done yo konsènan byennèt timoun yo a epi aksè ak enfòmasyon sa yo pral ede nan priz desizyon epi ankouraje pi bon pratik sou teren an".

Senatè Liz Krueger te deklare, "Enpak yon komosyon serebral sou sèvo yon timoun ki ap devlope kapab devastatè. Se pou sa li sitèlman enpòtan pou paran yo ak reprezantan legal yo genyen enfòmasyon konplè ak egzak sou risk twomatis kranyen ki enplike nan foutbòl kontak. Mwen remèsye Gouvènè a dèske li siyen lejislasyon sa a epi dèske li ede pwoteje youn nan resous ki pi enpòtan New York yo - timoun nou yo".

Manm Asanble Michael Benedetto te deklare, "Mwen remèsye Gouvènè Cuomo dèske li te wè sajès ki nan lejislasyon sa a. Chak ane nou te aprann pi plis toujou sou danje pou sèvo a ke kou miltip yo nan tèt te lakòz. Li enperatif ke fanmi yo rann yo kont sou danje pou timoun yo a lè yo ap jwe espò ki enplike gwo kontak yo. Lejislasyon sa a se yon tantativ pou enfòme epi avèti paran yo dekwa pou yo kapab pran yon desizyon entèlijan pou avantaj timoun yo a".

Pwogram nouvo lwa sa a afekte yo gen ladan nenpòt pratik, jwèt oswa aktivite kote timoun yo patisipe nan foutbòl kontak epi ke yon lekòl, yon lig oswa lòt òganizasyon granmoun ap dirije òganize. Pake enfòmasyon obligatwa a sou komosyon serebral yo ak kou ki bay komosyon serebral yo dwe disponib san frè sou sitwèb òganizasyon an.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

ANILE ENSKRIPSYON OU